# Еханэ   классым адыгэбзэмкIэ
# щекIуэкIа урок - зэIухам и план

## «ЦIэпапщIэм и мыхьэнэр»

**Мурадхэр: предметым ехьэлIауэ ящIэпхъэр** (образовательные) цIэпапщIэкIэ зэджэр, къагъэлъагъуэ елъытакIэ зэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр, абыхэм бзэм щаIэ мыхьэнэр егъэщIэн, цIэпапщIэр текстым къыщагъуэтыфу егъэсэн, псалъэухам зэрыхэувэ пкъыгъуэр къыжыIэн, гупсысэкIэр егъэфIэкIуэн, пэжырытхэмкIэ яIэ щIэныгъэр хэгъэхъуэн.
**Хуэзыгъасэ (**развивающие**):** я гупсысэр къаIуэтэфу, щIэрыщIэ къызэращIар къагъэсэбэпыфу егъэсэн, шэрыуэу, жьэрыIуатэу бзэм зегъэужьынымкIэ яхэлъыпхъэ щытыкIэхэр, я творческэ зэфIэкIыр егъэфIэкIуэн.
**Гъэсэныгъэм ехьэлIауэ** (воспитательные): бзэр фIыуэ егъэлъагъун, я гупсысэр къаIуэтэфу, щIэрыщIэ къызэрыпщIэну Iэмалхэр къэхутэн, псалъэм пщIэ хуащIыфу егъэсэн, гуп-гупкIэрэ лэжьэфу егъэсэн.
**ДиIэну ехъулIэныгъэхэр**: урокым и темэр ягъэувыфу, мурадхэр къахутэфын. Лэжьыгъэр зэпкърахыфын. ТIууэ усэу лэжьэфын. Я лэжьыгъэр къахутэфын
**Зэпха предметыр**: адыгэ литературэ, физкультурэ, музыкэ.
**Къэгъэсэбэпыпхъэр**: мультимедийнэ проектор, презентацэ, зэреджэ тхылъ, карточкэ.

Урокым и екIуэкIыкIэр

**Егъэдж:** Фи махуэ фIыуэ цIыкIухэ!
**Едж:** НэхъыфIыжу.
Нобэ мы гъатхэ махуэ дахэм хуэдэу ди урокыр дахэу, дызэхуэгуфIэу, дызэдэIуэжу едгъэкIуэкIынщ. Псори фызэплъи фызыхуэгуфIэ.
**ЕджакIуэхэр урокым хэзышэ Iыхьэ:**
ЦIыкIухэм унэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэр къазэрехъулIам кIэлъыплъын.
**Егъэдж:** Къэбэрдей – Балъкъэр Республикэм щыщу спортсмен дапщэ Олимп джэгукIэм хэтами, сыт хуэдэ текIуэныгъэ абыхэм къахьами къэфхутэн хуеящ.
**ЕджакIуэ**хэр топсэлъыхь спортсменхэм теухуауэ ятха къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.
**Егъэдж:** ЦIыхум и бзэр дахэу, шэрыуэу щытын хуейщ.
Дахэу, екIуу, щыуагъэншэу упсэлъэфын, утхэфын щхьэкIэ уи бзэр къулейуэ щытын хуейм и мызакъуэу, псалъэухахэри жыIэгъуэхэри бухуэфу щытын хуейщ.
**Уэ**, шу щIалэ умыпIащIэ,
Къытпэщытыр **уэ** зэгъащIэ:
ПIалъэр къэсрэ, **ар** къэушым,
Къебэкъуэнщи мывэ къуршым

**Уэ** плъагъункъэ къытлъэщIыхьэу,
**Дэ а** пIащIэм дыIэрыхьэм,
**Дэ** тхуэхъунущ **ар** кIуэдыпIэ,
ДиукIынщи напIэзыпIэм.
Сашэфакъым **сэ** шу куэдым
**Ар** къепсэлъыр тхьэIухудым.
**Егъэдж:** ЦIыкIухэ, къэдывгъэщIэжыт сыт хуэдэ тхыгъэт мы пычыгъуэр зыщыщыр, хэтыт зытхар?
**Едж:** Мы пычыгъуэр зыщыщыр КIыщокъуэ Алим и псысэ «Елбэздыкъуэщ».
**Егъэдж:**Усэм къыхэгъэща псалъэхэр хэт къррибжэкIын?
Усэм къыхэгъэща псалъэхэр кърабжэкI.
Уэ, ар, дэ, а, ар, сэ.
**Егъэдж:** Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэм хиубыдэрэ ахэр?
**Едж:** Ахэр цIэпапщIэхэщ.
**Егъэдж:** Хэт къыджиIэн сыт хуэдэ темэм ехьэлIауэ щытыну нобэрей ди урокыр?
**Едж:** Нобэрей ди урокыр зытеухуар цIэпапщIэхэщ.
(Проблемнэ Iуэхугъуэ)
ЩыIэцIэм, плъыфэцIэм, бжыгъэцIэм къыщхьэщыкIыу цIэпапщIэм белджылыуэ предмет, щытыкIэ е бжыгъэ гуэр къызэримыгъэлъагъуэр, белджылыгъэ щигъуэтыр ар къозыгъащIэ псалъэ е псалъэухам щигъусэм дежу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.
**Егъэдж:** СыткIэ къащхьэщыкIыу пIэрэ цIэпапщIэр адрей псалъэ лъэпкъыгъуэхэм?
**Интерактивнэ доскам къытредзэ**
**1. Зыгуэр** ди деж къэкIуащ.
**Егъэдж:** Мы псалъэухам къэкIуар хэтми гурыIуэгъуэ?
**Едж:** ГурыIуэгъуэкъым.
**Егъэдж:** Къыхэгъэща псалъэм и пIэкIэ щыIэцIэ хэвгъэувэт.
**Едж: Мурат** ди деж къэкIуащ.
**Зыгуэр - Мурат**
КъыкIэлъыкIуэ псалъэухам цIэпапщIэр плъыфэцIэкIэ зэфхъуэкIыт.
**Апхуэдэ** тхылъ си ныбжьэгъуми къищэхуащ.
Си ныбжьэгъум тхылъ **гъэщIэгъуэн** къищэхуащ
**Егъэдж :** Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къэвгъэсэбэпа псалъэухар убзыхуа хъун папщIэ?
**Едж**: ЩыIэцIэрэ плъыфэцIэрэ.
**Егъэдж :** СыткIэ къащхьэщыкIрэ адрей зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм цIэпапщIэр?
**Едж**: Абы предметхэр, щытыкIэхэр, бжыгъэхэр къегъэлъагъуэ, ауэ я цIэ дыдэр кърриIуэркъым. Езыхэм къагъэлъагъуэхэм елъытауэ цIэпапщIэхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокI.
**Таблицэм кIэлъыплъын.**
**2. Текстым елэжьын.**
- А си щIалэ, щхьэ унэщхъей? – жеIэ гуащэм.

- Сэ сымынэщхъейм хэт нэщхъеин? – жеIэ и къуэм.
- Сыныбжьэгъукъым, сыжэрэгъукъым. Мо пщIантIэм дэт ди хьэжьрэ пэт Iуэху ещIэ, зи мыхъуми хьэулей къыдыхьэмэ, мэбанэ. Сэ сыдэсщ жьэгум яжьэр зэIызощIэри, дунейм щащIэри сымыщIэу, зэрысщIэни симыIэу.
**Егъэдж:** ЦIыкIухэ, къэдывгъэщIэжыт хэту пIэрэ зытепсэлъыхьыр мы пычыгъуэр?
**Едж:** Мы пычыгъуэр зытепсэлъыхьыр Сэтэнейрэ Сосрыкъуэрэщ.
**Егъэдж:** Ар дауэ къэфщIа?
**Едж:** Жьэгум яжьэ зэIызыщIэу дэсыр - Сосрыкъуэщ. Гуащэр – Сэтэней гуащэщ.
**1 гуп:** Пычыгъуэм хэт цIэпапщIэхэр къыхэтхыкIын, лIэужьыгъуэхэр къыжыIэн. Орфограммэ зиIэ псалъэхэм я тхыкIэр ягу къагъэкIыжын.
**2 гуп:** ЦIэпапщIэхэр зи пIэкIэ къэкIуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къыжыIэн. Текстым псалъэу хэтыр зи лъэпкъыгъуэр къэхутэн. Нагъыщэ хэтхэм я гъэувыкIэр ягу къагъэкIыжын.
**Зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэ**
ЦIыкIухэм я Iэпкълъэпкъым зрагъэукъуэдий. Макъамэ къоуэ.

**2. Псалъэжьхэм елэжьын (жьэрыIуатэу)**

Сыт хуэдэ цIэпапщIэхэр къахуэпхь хъуну мы псалъэжьхэм?
Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс.
Ухеймэ, улъэщщ.
Къабзагъэр узыншагъэщ.
Гъатхэ махуэм гъэр егъашхэ.
Щхьэм имытмэ, лъэм имыгъуэщ.
Улажьэмэ, лыжь пшхынщ.
**Интерактивнэ доскам къытридзэ усэм елэжьын.**
**1 гуп: ПсалъалъэмкIэ лэжьэн.**
Псалъэхэм я мыхьэнэр тхын, псалъэухам хэту щапхъэ къэхьын.
Медан - ____________________________________________________
Уардэ - ____________________________________________________
Уахъты - ___________________________________________________
**2гуп:** ЦIэпапщIэхэр къыхэтхыкIын, къагъэлъагъуэ елъытакIэ гуп-гупу гуэшын.
Ещанэ едзыгъуэм хэт цIэпапщIэхэр псалъэухам и сыт хуэдэ пкъыгъуэу хэувами гъэбелджылын.

**Зыкъэпщытэж**

**3. ЦIэпапщIэм теухуауэ къэтщIахэр къэдгъэсэбэпурэ жэуап пэжыр къыхэтхынщ.**

А) ЦIэпащIэхэр зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэщ.
Б) ЦIэпапщIэхэр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэщ.
В) ЦIэпапщIэм зи гугъу ищIым и цIэр къреIуэ.
Г) ЦIэпапщIэм предмет е щытыкIэ къегъэлъагъуэ.
Д) ЦIэпапщIэр псалъэхэм я пIэкIэ къокIуэ.
Е) Псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэуи пкъыгъуэ етIуанэуи хоувэ.

Ё) ПадежкIэ зэхъуэкIа мэхъу.

**5. Рефлексия**

I. Нобэ ди щIэныгъэм хэдгъэхъуауэ пIэрэ?

2. Сэ къызэхъулIащ…

3. Сэ гъэщIэгъуэн сщыхъуащ…

4. КъызэгугъуэкIащ….

5. Иджы сощIэ…

Псори фIыуэ фылэжьащ, фыпсэу, жэуап къэзытахэм фи дневникхэм оценкэхэр сывгъэгъэув. ЕджакIуэхэми оценкэ зыхуагъэувыжыр (самооценка)

**Унэ лэжьыгъэр етын:** ЛитературэмкIэ зэджа тхыгъэхэм къыхэтхыкIын псалъэухаих, блы цIэпапщIэ хэту.